



Pou Piblikasyon Imedya: 02/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METWO VIL NEW YORK LA ETABLI NOUVO REKÒ TRAJÈ NAN PREMÈ JOU NAN MWA MAS LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Metro Vil Nouyòk la te etabli yon nouvo rekò pou trajè nan yon sèl jou depi lè vag Omikwon an te frape Vil New York. Dapre Otorite Tranpò Metwopolitèn (Metropolitan Transportation Authority, MTA), sistèm metwo a pote 3,145,294 pasaje nan 1e mas la. Rekò sa a bat [rekò anvan](#) ki te etabli 10 fevriye a lè metwo a te pote 3,118,851 pasaje, yon peryòd kote trajè nan tren an te depase 3 milyon nan sèt jou konsekitif sou uit jou. Dènye kantite trajè a se yon ogmantasyon 56 pousan depi li te atenn yon bès a 2,011,675 nan jounen lasemèn akòz Omikwon an nan dat 27 desanm 2021 an.

"Nouyòkè yo ap kontinye etabli nouvo rekò nan trajè transpò piblik la, youn nan endikatè ki pi ankourajan ki montre re-aparasyon nou soti anba COVID la regilye ak solid", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Metro a se fòs vital Vil New York la, epi nou pral kontinye fè tout sa ki posib pou fè pasaje yo tounen epi kenbe rekiperasyon nou an sou bon wout la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Tranpò Metwopolitèn an, Janno Lieber, te deklare**, "Nouyòkè yo ap demontre atravè aksyon yo ke pi bon fason pou yo deplase nan vil la se transpò piblik, epi ak pwomosyon pri tikè ki atiran ki disponib yo, nou espere jwenn plis rekò alavni."

**Tprezidan pa Enterim Transpò an Komen Vil New York la, Craig Cipriano, te deklare** "Transpò Komen Vil New York la te itilize tout zouti ki disponib pou fè pasaje yo tounen. Anboche plis operatè tren ak otobis yo te rann li pi fasil pou retounen sèvis yo nan nivo Nouyòkè yo abitye epi kounye a ak pandemi an k ap bese, pasaje yo ka retounen nan nivo nou abitye a."

Pou ankouraje plis trajè, MTA a te lanse yon seri nouvo [pwogram pilòt ki gen limit sou tarif](#) ki rann tarif yo pi abòdab, pi fleksib. Limit sou tarif pa semèn yo atravè sistèm pèman san kontak Otorite a, gen ladan yon karakteristik "Lucky 13". Apati 13èm trajè a chak semèn, chak trajè siplemantè sou metwo oswa bis yo gratis pou rès semèn sa.

MTA te adopte pwotokòl netwayaj ak sanitasyon san parèy nan ane a depi lè pandemi an te kòmanse an 2020 an pou asire ke sistèm lan gen plis sekirite ke posib pou kliyan

li yo. Otorite a te lanse tou kanpay edikasyon piblik epi te pibliye plizyè milyon mask bay kliyan li yo.

Anvan pandemi a, total depasman nan jou lasemèn mwayen te depase 5.5 milyon nan sistèm metwo a pa woutin. Chif sa a te bese a 95 pousan a apeprè 300,000 vwayaj pa jou nan mwa avril 2020 pa akòz kantite ka COVID-19 te rive nan pik li nan zòn Vil New York. Anplwaye MTA yo te kontinye bay sèvis pou pwofesyonèl swen sante premye liy ak lòt travayè esansyèl ki te bezwen ale travay pandan kèk nan jounen ki te pi difisil nan listwa Vil New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418